



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE MIZAJOU ESANSYÈL POU APOLLO MEDIA CENTER NAN BUFFALO

***Investisman eta 962,000 dola a pral ede Sant lan achte nouvo ekipman pou sipòte devlopman biznis, fòmasyon travay, ak pwogram pou jèn nan Lès Buffalo***

***Baze sou estrateji New York pou kreye plas ki koute 65 milyon dola pou revitalize Lès Buffalo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan pou amelyore Apollo Media Center (Sant Medya Apollo) nan Lès Buffalo pou sipòte fòmasyon travay, pwogram pou jèn yo ak pwodiksyon medya yo. Nouvo ekipman yo pral pèmèt Apollo elaji fòmasyon sou medya pou rezidan vil la ki gen yon biznis epi bay yon debouche kreyatif ki an sekirite pou jèn yo eksplòre mizik ak atizay, pandan l ap anseye konpetans nan pwodiksyon videyo ak kodaj pou ede yo familiarize ak karyè medya yo. Ou ka wè yon echantyon travay pwodiksyon k ap fèt nan Apollo a [isit la](#).

"Investisman sa a pral ede sipòte pwogram edikasyon medya Apollo Media Center a pandan l ap kontinye enspire jèn yo ak manm kominote biznis Buffalo avèk yon pasyon pou montaj videyo, grafik, ak pwodiksyon estidyo". **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Apollo te ankre nan katye Lès Buffalo a pandan plizyè ane - kòm yon sant devlopman biznis ak edikasyon, kòm yon premye etap nan aprantisaj siperyè, ak apre fiziyad trajik ane pase a, kòm yon sant pou enfòmasyon enpòtan ak resous kominote yo. Pwojè sa a reyafime angajman Eta a pou leve moun Lès Buffalo epi li pral asire ke Apollo kontinye jwe yon wòl nan kominote sa a nan ane k ap vini yo".

Kounye a, Apollo Media Center ofri kou nan teknoloji televizyon, montaj, photoshop, ak konsepsyon dijital, men sou yon baz limite. Amelyorasyon nan Ekipman Apollo yo pral pèmèt Sant lan elaji pwogramasyon ak plis sipòte devlopman biznis, fòmasyon travay, pwogram pou jèn yo ak ekspresyon kreyatif nan Lès Buffalo. Anplis de sa, rezidan yo pral kapab itilize estidyo modènize yo pou kreye kontni edikatif pou kanal aksè piblik vil la.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Ekipman yo bay Apollo Media Center a pral ede elèv yo ak rezidan yo aprann konpetans pwodiksyon ak konesans milti-medya ki enpòtan pou

jwenn travay ak devlope biznis nan ekonomi jodi a. Elèv yo pral gen opòtinite pou yo sèvi ak kamera, kabin montaj ak estidyo pwodiksyon pou kreye pwojè ki gen enpak sou Lès Buffalo ak tout potansyèl li yo. Nou espere wè travay elèv yo ak enpak li pral genyen sou kominote a".

**Majistra Vil, Byron Brown, te deklare,** "Pandan n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou jwenn ak devlope djòb nan Buffalo, mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li fè gwo investisman sa a nan Apollo Media Center ki pral bay kapital pou moun ki nan kominote nou an ki vle fè pati kominikasyon dijital Buffalo ak mendèv medya yo. Amelyorasyon sant medya novèl jenerasyon, modèn sa a pral ede asire ke nou devlope pwòp talan nou lakay nou nan etablisman inik sa a nan koridò Jefferson Avenue a epi fè karyè enteresan sa yo aksesib a rezidan yo nan pwòp kominote yo.

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Apollo Media Center te sèvi kòm yon resous kominotè enpòtan pandan plizyè dizèn ane, epi atak ki te fèt 14 me a sèlman te montre jan espas vil sa a enpòtan anpil pou difize pwogram, enfòmasyon ak edikasyon. Investisman sa a nan amelyorasyon ekipman yo pral ede ankouraje yon nouvo jenerasyon jounalis, pwopriyetè biznis, moun k ap chèche djòb, ak plis ankò, epi li pral bay opòtinite kontinye nan Kòt Lè Buffalo".

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Investisman sa a ki gen yon valè 962,000 dola nan nouvo ekipman pou Apollo Media Center a se yon investisman nan jèn nou yo, kominote nou an, ak ekonomi nou an alavni. Ofri espas pou ti biznis yo fè piblisite, ogmante sansibilizasyon atravè anons sèvis piblik ak pèmèt jèn adilt yo rafine ak pataje talan kreyatif yo bay yon opòtinite pou fòmasyon sou karyè dirab nan medya, maketing, atizay espektak, endistri fim ak plis ankò. Mèsi a Majistra Brown ak Vil Buffalo, Hope Knight ak Empire State Development, ak Gouvènè Hochul paske yo te rann sa posib"

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** "Apollo Media Center Media se yon sant kominotè epi li te sèvi kòm limyè nan tan fènwa pou rasanble moun. Investisman sa a nan Sant lan pral ede plis elèv ak moun jwenn fason pou eksprime kreyativite yo, bay lavi ak vwa a rèv ak aspirasyon yo, epi akeri konpetans ki ka komèsyalize k ap ede yo avanse ak grandi nan biznis ak nan lavi".

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kou ak pwogram yo nan Apollo Media Center, ale sou [www.ApolloMediaCenter.com](http://www.ApolloMediaCenter.com).

**Cardinale Green, Direktè Apollo Media Center, te deklare,** "Sibvansyon sa a rekonèt enpak Apollo Media Center kontinye genyen sou kominote nou an, pandan l ap ede nou fè fas a defi nou rankontre nan epòk dijital la. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou investisman enpòtan sa a ki pral pèmèt nou achte ekipman medya modèn ki nesèsè pou bay elèv ak moun nan kominote a ki enterese nan karyè medya bon jan kalite fòmasyon".

Atravè Fon Devlopman Ekonomik Koridò Kòt Lès la, Eta New York ap ofri Vil Buffalo ankourajman ki vo 962,000 dola pou sipòte amelyorasyon yo nan Apollo. Eta a te dedye 65 milyon dola nan yon estrateji pou kreyasyon plas pou revitalize Kòt Lès Vil la atravè investisman nan estabilize katye yo epi asire opòtinite pou vin pwopriyetè kay; ranfòsman koridò komèsyal yo nan pwomouvwa distri pou itilizasyon mik, adapte pou mache; amelyore byen istorik ak natirèl enpòtan nan rejyon an; elaji opòtinite pou koneksyon mendèv; epi sipòte ak grandi antreprenarya.

Apollo Media Center te premye ouvri nan dat 2 avril 1941. Pandan plizyè ane, teyat 900 chèz la te bay anpil èdtan amizman epi li te yon sant aktivite sou teren komèsyal Jefferson Avenue. Sepandan, teyat la te sispann montre sinema lè yon dife te lakòz gwo domaj an 1966. An 2001, Apollo te transfòme an yon etablisman telekomunikasyon dènye kri. Etablisman 18,000 pye kare a gen de estidyo televizyon, kat swit montaj prive, yon sal konferans, yon salklas, ak lòt ekipman. Yon pati nan ansyen teyat la te konsève, kote tablo mesaj elektwonik la ranplase ansyen chapito a. Gwoup la dekore avèk yon pwojè inik "kouvèti mozayik" ki montre talan atistik anpil rezidan lokal yo.

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)